Melokaanu gëstu ci wallum internet ñeel Tërëliinu Yoon biy Saytu wallum Pac yu Jàmpu yi ak Kureel giy saytu Ligéey kati NYC ci wallum COVID-19 - Certifikaawu cakutefu rob aji faatu

Nan laay sakkoo dimbël ngir rob aji faatu yi ci COVID-19 buñu sukkëndiko ci Tërëliinu Yoon biy Saytu wallum Pac yu Jàmpu yi (Federal Emergency Management Act, FEMA) walla Kureel giy saytu Ligéey kati NYC (Human Resource Administration, HRA) ci wallum COVID-19?

- Ngir nga amal ab cakuteef ci dimbël ngir rob aji faatu yi ci COVID-19 bu FEMA, demal ci siit bii di fema.gov/disasters/coronavirus/economic/funeral-assistance.
- Ngir nga amal ab cakuteef ci ci dimbël ngir rob aji faatu yi ci COVID-19 bu HRA bu NYC, demal ci siit bii di www1.nyc.gov/site/hra/help/burial-assistance.page.

Nan laay amee certifikaat biy wane li waral faatuk nit ci dëkup NYC?
Ministeer biy yore wallum Wergi Yaram ak Selluk Xel by NYC (Kureelu Pacc bu NYC) dina joxe ay certifikaat faatu ñeel aji faatu yi ci NYC (Bronx, Brooklyn, Manhattan, Queens, ak Staten Island). Certifikaat faatu bi dina jàppandi saa bu kureelu pac mi dëggëlee ni nit kii deh werna ni faatuna te faatu gi Serwiisu Pac bu NYC aanristre ko.

Bu fekkee ni dafa nekk ci ab moorgu, yoon wi gënë gaaw ngir à certifikaat faatu mooy nga sakkuko ci kilifë giñu jiitël ngir mu doxal lepu lu aju ci wallu dëj bi. Kilifë giñu jiitël ngir mu doxal lepu lu aju ci wallu dëj bi mannaa sakku certifikaawu faatu gir ci diirub ñaari àt yu jiitu faatuk nit ki.

Bu fekkee ni moorgu bi jàppandiwul walla mënoo sakku certifikaawu faatu ci kilifë giñu jiitël ngir mu doxal lepu lu aju ci wallu dëj bi, man ngaako sakku ci siit bii di vitalchek.com. Seetal Bërëbu Fajukaay bu NYC Ci paasu Web bu Certifikaawu Faatu ngir àm yeneeni leeral ci niñuy sakkoo certifikaawu faatu.

Ci kan la war mu sakku certifikaawu faatu buy wane lu waral faartu gi?
Mbokki aji faatu yii rek ñoo wara sakku certifikaawu faatu gi ak liwarl faatu gi: Jëkërëm walla jabaram; Nekkaaleem; Wayjur; Doom; Mak walla Rakk; Maam; Sët; Nit kuñu bind ci certifikaat bi; Nit kuñu jox dogal

Ñaata ngay fay ngir àm benn certifikaawu faatu?
Benn kopi certifikaat bunekk ngay $15 fày. Amna yeneeni fere yooy fay bo fekkeeni dangaa sakku certifikaawu faatu ci internet.

Ndax dinaa àm kopi certifié bu dosiee faatu?
Waaw. Serwiisu Pac bu NYC dina dëgël ab kopiwo originaalu certifikaawu faatu. Benn certifikaawu faatu bu NYC dina àm mbiri kaarange yu bari yuy wane ni certifikaa bi wér na. Bu fekkee ni amnga

dogal ci xàm li waral faatu gi (xoolal ci kaw), dinga jot tamit «Rapoor Wergi yaram ci Suturë» buy wane li waral faatu gi. Dokuman boobu dafay wane tamit turu aji faatu ji, numero certifikaawu faatu bi, te dañkoy imprime ci leetaru faggu.

Nan laa mana sukkuwee xàm li waral faatu gi bu fekkeeni binduñuko ci certifikaawu faatu gi?
Nanga laac te li waral faatu gi saa booy sakku certifikaawu faatu.

Ndax amna yenee ni fere boo sakkoo xàm li waral faatu fi?
Deedet. Amul yenee ni fere boo sakkoo xàm li waral faatu fi.

Lan laa wara def bu fekeeni li waral faatu gi daño bind ni «xamaguñko»?
Bu fekkeeni li waral faatu gi dañ bind ni «xamaguñko», man nga dem ñu defaraatal la beneen ci dirup ñetti weer ganaaw bañu defare orisinaal bi. Bes biñuko defar ñingiko bond ci suufu certifikaawu faatu bi. Man ngaa sakkuwaat beneen certfikaawu faatu bu bees buy wane li waral faatu gi ci internet, dingako jot ci lu gaaw booko weccee ak certifikaawu faatu bi.

Lan motax certifikaawu faatu bi di wane ni li waral faatu gi lu naturel la, te fekk ni nit ki COVID-19 moko ray?
Ci awril 2020, Saantar biy saytu Feebar yi ak wallu Fagaru xamlena ni ci lu aju faatu yu juge jàngoroy COVID-19 xeeti faatu yi dafa nara nek lu naturel.

Lan laa wara def bu fekeeni li waral faatu gi wanewul COVID-19?
Linga wara njëkë def mooy jokkoo ak sa fac kat walla kuy ligéey ci wallum wergi yaram buy dëggël faatu gi ngir jot ay leeral ci copite yi àm, walla li waral faatu gi ndax COVID-19 la walla daf cee booku rek waaye sababuko. Bu fekkee ni yaw yaay nit kiñu bind ci certifikaat bi walla kuñu jox dogal, man ngaa joxe cakuteefu ci Kureelu Wergi Yaram ca NYC ngir ñu neenal li waral faatu gi. Demal ci paas Web Coreksion certifikka bu Kureelu Wergi yaram NYC ngir àm ay geendeeku ci ci linga wara joxe ci FAQ, «What is the process to correct a death certificate?» (Ban mooy yoon winga wara jaar ngir defaraat certifikaawu faatu bi?).

Serwiisu Wergi yaram bu NYC mannaa amal ay copite sukkëndiko ko ci situasion bi. **4.11.21**